Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 52 (6449) 5 октябрь 2015 с. Итни ЗулхIижа 1436 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

Хириял районалъул мугIалимзаби, жидерго гIумруялъул аслияб хIаракатчилъи гIун бачIунеб гIелалъе тарбиялъайкьеялъе кьурал ва гьанже мустахIикъаб хIухьбахъиялда ругел лъайкьеялъул хIалтIухъаби, ракI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам – учителасул кьо.

Хадубккунисеб нилъер улкаялъул цебетIей гIун бачIунеб гIелалъе нужеца кьолеб лъаялда, хIаракатчилъиялда бараб буго. Жакъа районалъул мугIалимзабаз тIубазабулеб масъала бигьаяб гьечIо. Нужеца гьабулеб хIалтIи кIудияб ва кIвар бугеблъун ккола.

Районалъул лъайкьеялъул гIуцIиялда хIалтIулел киназдаго, учителасул кьоги баркун, гьарула щулияб сахлъи, рохел, талихI, хIалтIулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## ...Дидасан гирараб дуниялалда Данде ккараз бице берцинаб салам...

### Инхоса ГIали-хIажиясул асарал рикIкIиналъул къец

**2015 соналъул тIоцебесеб октябралда Гумбет районалда тIоритIана Инхоса ГIали-хIажиясул асарал рикIкIиналъул къецал. Гьезда гIахьаллъана Гумбет районалъул киналго школаздаса, гьединго МахIачхъалаялдаса ва Каспийскалдаса цIалдохъаби. Конкурсалъул халгьабизе рачIун рукIана Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул хIалтIухъан, гьеб идараялда Гумбет районалъул жавабияй Раисат ГIабдулбасирова, МагIарул мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей Баху МухIидинова, журналист ва жамгIияй хIаракатчIужу Зайнаб ГIалимирзаева, магIарул мацIалъул мугIалим Хадижат Бечедова ва цогидалги.**

ЦIалдохъабазде хитIаб гьабун, конкурсалда кIалъаял гьаруна Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул хIалтIухъан Раисат ГIабдулбасироваличъ, МагIарул мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей, педагогикиял гIелмабазул кандидат Баху МухIидиновалъ, Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас**, гьеб идараялъул хIалтIухъаби **ГIабдула МухIамадовас, Зайид ХIусеновас**, гьединго «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор **ХIамзат ГIизудиновас** ва ЦIаналъ гьоркьохъеб школалъул директор **СагIидбег МутагIиловас.**



ЦIалдохъабаз ва гьезул мугIалимзабаз лъикIаб хIадурлъи гьабун бугоан къецазде. Гьезул ккарал хIасилазул, гьединго Унсоколо районалъул центр Шамилхъалаялда 30 сентябралда тIобитIараб Инхоса ГIали-хIажияс 170 сон тIубаялда хурхараб тадбиралъул хIакъалъулъ цIализе бегьула «Гумбет» казияталъул иргадулаб номералда.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

## Хасалиде хIадуриялъул суал

### Гумбет районалъул администрациялъул данделъиялда тIорччолги, салулги, цIамулги бицана

**30 сентябралда Гумбет районалъул маданиялъул кIалгIаялда тIобитIана райадминистрациялъул иргадулаб заседание. Гьелда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, райадминистрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров, гьесул заместителал, росабазул бегавулзаби, школазул директорал ясли-ахалъул нухмалъулел, районалъул идарабазул нухмалъулел ва цогидалги.**

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гьав нижер ракIазулъа унаро

-2 гьум.



Расул ХIамзатовасул асарал цIалулезул къецал

-3 гьум.



ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.

-3 гьум.



РекIел арканазда…

-3 гьум.

2015 СОН – АДАБИЯТАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

# Гъав нижер ракIазулъа унаро

### ГIабас Шейховасул гIумруги, шигIруги, сатираги

**ШагIир ГIабас Шейхов гьавуна Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ 1931 соналда. 1959 соналда Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ бахьана ГIабас Шейховасул кучIдузул тIоцебесеб тIехь «ГIолохъанаб гьаракь». Хадуб гьесул рахъана «Гьа», «РекIел кьаби», «Окопазухъ тIугьдул», «ЦIурмал» абурал тIахьал.**



ГIабас хIалтIана районалъул газеталъул мухбирлъун, жавабияв секретарьлъун. Газеталда рахъана гьесул гIемерал макъалаби ва кучIдул. Гьираялда цIалулел, цIалдолезул ракI тIаде цIалел рукIунаан газеталда рахъарал макъалаби, фельетонал, очеркал. Цо хIужаялда сверухъ 3 – 4 ва жеги цIикIкIунги батIи-батIиял темабазда макъалаби гIуцIизе ва пасихIго гьел хъвазе кIудияб махщел букIана ГIабасил. Гьев вукIана гIадамал хирияв, чиясул ракI хвезабуларев, кидаго цоцазе лъикIлъи гьабизе бокьулев чи. Гьеврги дунги цадахъ хIалтIана 11 соналъ. Дун хIалтIулей йикIана бакIалъулаб радиовещаниялда. Гьес кIудияб кумек гьабуна дие гьеб хIалтIуда гьорлъе ккезайизе. Щибаб праздникалъулаб тарихалда хурхун тIоритIулел передачабазе хъван кьолаан кочIол мухъал, кумек гьабулаан материал хIадуризе. Гьединав ракI разияв, цадахъ хIалтIулезулгун хIал рекъезабулев чи вукIана мунагьал чураяв ГIабас Гьев вукIана ритIухълъи бокьулев чи, рази вукIунароан хIакимзабазул хIалтIудаса.

ГIабас Шейховасул «Цо хIакимасде» абураб кочIолъ буго:

Дуе хъулухъ кьураб халкъ кIоченейищ
Кьалулъ Дахадаев гьужумалъ арав?
Чиякъав щинасде мугъ рехизейищ
Рагъда МахIачил чу квачIида чIараб?
Кьибил – тухумалъул кадра гIуцIулев,
Мун вихьани Муслим тIаде вахьина.
ГIага-божаразе можрал гьарулев.
Дур хабар лъани гьев хабалъ чIеларо.
Дуда октябралъ тIаса рахъарал
ТIомохьитал кигIан хехго кIочарал
Эб тIаде щвезегIан инсул букIараб
Сугърал партал щибун рекIелъа араб?
Дуде ккараб хIалтIи тIубазе гурищ,
Гулий керенги кьун, Кундухов хварав?
ТIаса бихьизабун эб тезейищ ниж
Окопазда жанир бида рецIцIарал?
РишватчагIазулгун чед бекулев мун,
Чол кьолонив халкъалъ халат теладай?
Чарал гIадамазул гIамал бугев мун,
ГIемер заманаялъ тIад хутIиладай?

ГIабасие рокьулаан рагъда бахIарчилъи бихьизабурал гIолохъаби. Гьединаздасан цоявлъун кколев Ингишоса Хьарамирзаде гьабураб кечI.

Ургьиб ракI бохараб, рекIелъ бакъ щвараб
Кагъат хъвала дица Хьарамирзахъе.
ХьахIлъи лъалеб мехалъ лъазе бокьараб
Хабар кьола дица ингишдерихъе.
Дур гулби гьештIарал окопазухъан
ТIогьол кваcIи кьуна духъе улкаялъ.
Фашистал угьдарал авлахъаздасан
Орденал ритIана дуе Москваялъ.
Нилъер тушбабазул беццал ракIазда
КаратI чан бахъараб дур битIунречIчIалъ?
Фрицал рещтIараб гIурччинаб харда
Хоб чандай батараб чудкил боялда?
Дур гьунарал рицун инфорбюроялъ
Улкаялъул бокIнал рохизаричIищ?
Жигарчилъи рехсон Левитаница
Радиоялдасан хабар цIаличIищ?
Гулла алхунарев снайперасул
Сардал чандай арал чундузда хадур?
ГIангразда цIва гьурав гIужихъанасул
ГIолохъанлъи инчIищ кьалул хандакъахъ?
Рагъул окопахъе раккизе рилъа.
Лебалаб гьалбацIил цIеца рухIарал
РикIкIада шагьарахъ тиризе рахъа
Тулпаралъ немцазда тупал речIчIарал
Дур тункIил хIараялъ бесдал гьарурал
Гьвел гучкал рагIула чури чIчIикIулел.
ЧиякIоги дуца пилпана гьабун,
Фашистал рагIула жеги эргьелел.
Борхьил картIиниса тIанчIи лъугIичIин,
ТIад хIур ккезе тоге дуца тункIида
Илбисалъул гьодихъ жеги рухI бугин
Рачел дугьдай дуца чIаго вугогIан.

АргъвниÑа гIалимчи ГIабдулатIип Шамхаловасде хъвараб кочIолъ поэтас абулеб буго:

Надалде гIунтIичIеб лъелъерабго кар
ЦIороберал рараб сабураб гьумер
Бице, МикагIилов, киве арав мун,
КунчIи бихьилелде тIерхьун бугин цIва.
ТIоцевесев гIалим, гIадатав инсан,
ГIодобе биччараб хIалимаб кIалъай.
ГьечIо рокъов гIадан, кьан буго нуцIа.
Кьеда сагIат буго досухъ гIодулеб.
Дов вачIуне вуго дихъе кьезе
ЦIияб кечI хъвачIищан дида гьикъизе;
РекIелъ цIакъ рекъолеб критикагун,
Пахрулъи гьанкъулеб хинаб рецц-бакъгун.

Цадахъ хIалтIулездехун рокьи цIикIкIарав чи вукIана ГIабас. Гьев кидаго хIалтIухъабасде аскIове вачIунаан «гьалея яцалъул ясал» абун. Гьединав хIалимав, тамахав чи вукIана мунагьал чураяв ГIабас. Гьев кидаго нижер ракIазулъа унаро.

**ГIайшат Исламбиева**

ГIЕЛМУ - ХАЗИНА

## Шапакъатал баркана

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас баркана «Россиялъул Федерациялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» бураб цIар кьурал ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул учительница **Маржанат ГIалиевалда,** МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул учительница **Равзанат ГIумаровалда,** Данухъ гьоркьохъеб школалъул директор **МухIамад Сайпилаевасда.**

**ГIайшат Исламбиева**

## Хасалиде хIадуриялъул суал

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Заседание рагьана ва бачана райадминистрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас. Гьоркьоб лъуна 2015-2016 соназул хаслихълъиялъул ва хасалил заманалде районалъул идараби хIадурлъиялъул рахъалъ бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суал. Гьеб суалалда хурхун докладгун кIалъазе вахьана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIманов.

Хаслихълъиялде ва хасалил заманалде хIадуриялде цо къадаралъулаб хIалтIи гьабулеб буго районалъул гIуцIабаз, - ян абуна ГIабдурахIмановас. Лъайкьеялъул гIуцIабаз хасалоялде хIадурлъиялъул хIалтIи байбихьана июнь моцIалдаса. Капиталияб ремонт гьабуна Гьарадирихъ, ТIад Инхо школазда. ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда цIулал гордал хисун лъуна пластикаялъул. Кинал-го лъайкьеялъул учреждениязда ва ясли-ахазда гьабуна ремонт.

Амма, тIурччи-цIулалъ ракулел котельниял ругел лъайкьеялъул гIуцIабазда, гьеб баччиялъул хIалтIи хIинцIго унеб буго. Гьаб соналъул 25 сентябралде гIицIго ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъул котельниялде 10 куб. метр цIул, ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул котельниялде 14 тонна тIурччи рехун буго. Пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталде рехун буго цо КАМАз тIурччол, лъайкьеялъул гIуцIабазе хасалил заманалде хIажалъула 202 куб. метр цIулал ва 598 тонна тIурччол. ХIажат буго печал ракулеб заман тIаде щвелелде цо-цо КАМАз машинагIаги тIурччи-цIулалъул рехизе.

Сахлъи цIуниялъул гIуцIабазда котельниязда ремонталъулал хIалтIаби гьарун ругониги, Аргъвани, Игьали, Гьоркь Инхо участковиял больницабазде рехун гьечIо тIурччи-цIул.

Гумбет РЭСалъ (электросеть) 8 трансформаторалъе ремонт гьабиялъул планалъул бакIалда гьабун буго 25 сентябралде 8 ялъе 1120 КВА къуват бугеб. Гьарун руго цогидалги гIезегIанго хIалтIаби.

Цо къадаралъулаб хIалтIи гьабун буго Гумбет «ДЭП- № 10» гIуцIиялъ районалъул машинаби хьвадулел нухал къачIаялъул рахъалдаги, - ян абуна докладчияс. Хасавюрт - Кьохъ 78 км – 92 км нухда тIун лъугIана тIоцебесеб гьат хьил. Ремонталъулал хIалтIаби гьаруна Хасавюрт – Кьохъ нухда. Цо къадаралъулаб хIалтIи гьабун буго росабазда гьоркьор ругел машинаби хьвадулел нухазе ремонт гьабиялъул рахъалдаги. Камун гьечIо гIунгутIабиги чвахун цIадаздаса хадуб руго ремонталъулал хIалтIаби гьаричIого тарал нухал. ХIажат буго республикаялъул ва бакIалъулаб кIвараалъул нухал хасалил заманалде хIадурлъиялде кIвар кьезе Гумбет « ДЭП- № 10» гIуцIиялъ.

Районалъул росдал магIишаталъул предприятияз хасалоялде хIадурун буго гIураб къадар харил. ГIи-боцIи гьолел бокьазде аскIобе «Мехельтинский» СПКялъ 1950, «Шабдухский» СПКялъ 159, «Цундийский» СПКялъ 157, Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 137, «Данухский» СПКялъ 80 тонна харил баччун буго. Гьеб ккола араб соналда хIадурун букIаралдаса гIезегIанго цIикIкIун. Унеб буго (хIенцго бугониги) хасалил заманалде гIи-боцIухъабазул минабазе, гIи-боцIи жаниб гьолел бокьазе ремонталъулал хIалтIаби гьари.

Хасалоялде жидецаго гьабун бугеб хIадурлъиялъул ва хадубккун гьабизе бугелъул бицун кIалъазе рахъана Гумбет райбольницалъул бетIерав тохтир МухIамад СайгидахIмадов, Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, Гумбет «ДЭП - № 10» гIуцIиялъул нухмалъулев ГIалимчилав ГIалимчилаев Гумбет РЭСалъул кIудияв инженер Камал ГIалиев, районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов ва цогидалги.

ХIасилазулаб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун къабул гьабуна хIукмуги.

**ГIайшат Исламбиева**

ГIЕЛМУ - ХАЗИНА

## ХIурматалъул грамотаби кьуна

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб республикаялъулал конкурсалда лъабабилеб бакI щварав МелъелтIа аслияб школалъул учитель Рамазан ГIабдурахIмановасе ва гьебго конкурсалда гIахьаллъи гьабурал ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъул учительница Сакинат МухIамадтIаминовалъе ва Ингишо гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул учительница Мадинат Жаватхановалъе кьуна Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул ХIурматалъул грамотаби.**

Гьединго цогоял пачалихъиял экзаменазда ва аслияв пачалихъиял экзаменазда гIуцIиялъулал тIадкъаял жавабчилъиялда тIубазабурал **ХIассан ГIалихIажиевасе** (Гьарадирихъ СОШ), **МухтарахIмад Мусаевасе** (Данухъ СОШ), **ХIамид ТIагьаевасе** (Килалъ СОШ), **ГIазра КIуйдаевалъе** (МелъелтIа ООШ), **ХьистIаман Валиевалъе** (ЛъаратIа СОШ), **Хадижат МухIамадовалъе** (ЧIиркъатIа СОШ), **Ризван Рашидоасе** (ЦIиликь СОШ), **МухIамад МухIамадовасе** (Гьоркь Инхо СОШ), **МухIамад МухIамадназировасе** (ЦIияб Аргъвани СОШ), **КъурамухIамад МухIамадовасе** (Кунзахъ СОШ) ва экзамен кьолеб пункт къачIарав **МухIамадкамил МухIамадовасе** (МелъелтIа СОШ) кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби.

**ГIайшат Исламбиева**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав

№ 52 5 октябрь 2015 с.

2015 СОН – АДАБИЯТАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

## Расул ХIамзатовасул асарал цIалулезул къецал

**Щибаб соналда, районалъул школазда ХIамзатовасул къоял кIодо гьарун, тIоритIула Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовасул гIумруялда ва творчествоялда хурхун дарсал, гьединго районалда гIадатлъун лъугьараб Расул ХIамзатовасул асарал цIалулезул къецал.**

Гьединал къецал тIоритIана гьаб соналъул 10 сентябралда районалъул лъайкьеялъул отделалъул данделъабазул залалда. Къецазда гIахьаллъана районалъул 19 школалдаса 1- 11 классазул 59 цIалдохъан. Лъималаз рикIкIана Расулил кучIдул гIурус ва магIарул мацIазда, бихьизабуна жидерго артистизмалъе бугеб гьунар. ГIуцIун букIана районалъул батIи-батIиял школазда учительзаби, лъайкьеялъул отделалъул ва библиотекаялъул хIалтIухъаби гъорлъе рачун жюриги. Жюрияль хIасилал гьарун къецазда бергьарал-лъун рахьана Хъандулай СайгидмухIамадова (1 кл., Ингишо СОШ), Макка Ахкубегова (6 кл., МелъелтIа СОШ), Зайнаб Зайирбегова ( 8 кл., Килалъ СОШ), Пайзат МухIамадова (8 кл., ЛъаратIа СОШ), ПатIимат МухIамадова (11 кл., МелъелтIа СОШ), ПатIимат Сайпилаева ( 11 кл., Данухъ СОШ).




Къецазда бергьаразе районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахьалдасан къуна ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

**ГIайшат Исламбиева**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

## Районалъул ветеринарияб управлениялъул хитIаб

**ЛъаратIа районалда магIарухъ, Хунзахъ, Лак ва Хьаргаби районазул хъутабазда чIегIербоцIулъ (Кизилюрталъулаб зонаялда) баккун буго хехго тIибитIулеб чанхъил унти (нодулярный дерматит).**

Гьеб унти ккола цIакъго хехго цоцазде бахунеб вирусалъулаб унти. Унти загьирлъула чIегIерхIайваналда вирус чорхолъе ккун 3-13 къоялдасан. Унтул хасияталлъун ккола: тIоцебе хIайваналъул тIомода тIад (бетIералдаса байбихьун) лъугьуна шишкаби (гохIал). Хадубалде гьел лъел цIола, хьордоде буссуна ва кьватI-кьватIула. ХIайваналъул берал чвахула, квен тола, кIал чIвахула, рилъин хисула, температура бахуна, магIарзухъан квешаб махI бугеб риччел баккула, бечIчIулеб гIакдал гьвари кIодолъула ва рахьдал кьер хисула.

Жакъа къоялде гьеб унтуде данде хассал дараби рахьун гьечIо. Амма хIалтIизаризе рихьизарун руго антибиотикал ва сульфаниламидал. Вакцина хIалтIизабула гIиял чанхъил унтиялде данде.

Районцоязде гьари буго гьаб заманалда нилъер районалъул ракьалде доба-гьаниса хIайван босугеян. БоцIул бича-хисиги дагь гьабеян ва нужерго боцIулъ тIадехун рехсарал гIаламатал загьирлъани нижеда лъазабеян.

Киналго ветеринарият хIалтIухъабазда нижеца лъазабун буго хIайваназул халгьабун щибаб къоялъ сагIат ункъо тIубарабго нижеда лъазабиян. Нижецаги сагIат щугоялда нижерго комитеталда лъазабизе буго.

Гьари буго цIодорго рукIаян ва специалистазул мальа-хьваял тIураян.

**Гумбеталъул ветуправление**

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

## ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур

**Дие рес ккана районалъул имам ГIабдула-хIажи Закарикаевгун дандчIвазе ва гьесие цо чанго суал кьезе.**

**- ГIабдула-хIажи, исана 170 сон тIубала ТIад Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса, гьесул хIакъалъулъ дуца щиб абилеб?**

- ТIокIаб жого абизе ккеларо гьесул хIакъалъулъ, «ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, бекьичIого лъилъе, нилъ гьечIого хур» гьел рагIабаз борцунарищ гьесул кIодолъи. Дунявиябги иллагьиябги кIиябго рахъ буго гьел мухъазулъ. ЗахIмат бихьичIого дунявиябги щоларо, рахIаталда рукIун ахиратги гьабуларо. Гьеле гьезул хIакъикъияб магIна.

**- ГIелмияб рахъалдасан кинаб къимат кьолеб дуца ГIали-хIажиясул асаразе.**

- ГIелмияб рахъалъги гьолго рагIаби росани, гьел рагIабалъ буго тIубараб гIелму, гьединаб гIелмуялъулъ куцарал, руцарал руго гьесул тIолалго асаралги.

**- Дида лъала мун Гьарадирихъ росдал къоялда гIахьаллъи, гьелъул хIакъалъулъ щиб абилеб дуца?**

- ЦIакъ берцинаб мажлис лъугьана гьениб. ГIолохъабазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи щулалъизабизе тIамураб иргадулаб галилъун рикIкIине бегьула гьеб. Гьарадирихъа гIолохъанчи предприниматель Салим ГIабдухIалимовасул хIаракаталдалъун гIуцIараб буго гьеб, гьединал гIолохъабаби цIикIкIаги нилъер районалда. КъваригIараб жо буго гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи дагьаби гучIлъизабизе, гьеб мурадалда ниж щола гIатIиракьалде гочун арал нилъер районалъул росабалъе, гIуцIцIула гьенир батIи-батIиял мажлисал, спортивиял къецал, диналда хурхарал данделъаби. Щола мех-мехалда нилъерго районалъул студентазухъе, гIенеккула гьезул гIузрабахъ, жавабал кьола гьезул суалазе. ГIезегIан бичIчIиги лъайги бугел руго нилъер цIалулел ругел гIолилал. Араб соналъ гьез кьун буго нижее 500 суал, цониги суал такрар гьабун кьун батичIо хIалгьабураб мехалъ, гьеб буго гьезул лъаялъул даража.

Гьеле гьеб гIолилазда гьоркьоб гьунки ва цолъи букIин мурад букIана Гьарадирихъ тIобитIараб росдал къоялъулги. Гьенив дида вихьизавуна гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе вакил. Гьев вуго лъикIав гIолохъанчи Муслим ГIабдухIалимов. ЖамагIаталъул рахъалъги лъикIаб пикру бижана диль, районалъул жамагIаталда цадахъ хIалтIизе ва гIолилазе, лъималазе тарбия, бичIчIи кьезе гьира буго гьезулги.

**- ГIабдула-хIажи баркала дуе, Аллагьас къуват кьеги районалъул жамагIатал цолъизаризе.**

**Исрапил Заирбегов**

## Ветуправлениялъул хIалтIухъаби Килалъ

**Рузман къоялъ Гумбет районалъул Килалъ росулъе хIалтIулаб сапаргун рачIана районалъул ветуправлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиев ва бетIерав ветеринарияв тохтур ГIали ГIалиев. Гьезул сапаралъул мурад букIана росдал жамагIатгун дандчIвайги, росулъ загьирлъарал боцIи хвеялъул цо-цо хIужабазул халгьабиги.**

ДандчIваялда ветхIалтIухъабаз бицана пачалихъалъул кумек щвеялъе ругел шартIазул, хIинкъи цIикIкIарал унтабазде данде гьарулел ругел хIалтIабазул, жалго бетIергьанаб боцIуе щивав чияс гьабизе ккол хьулухъалъул.

Гьез росулъ вугев ветфельдшер МухIамад СагIидовасе гьаруна рукIине кколел рихьизариял ва тIадкъана гьесда къокъаб заманалда гIунгутIаби тIагIинариялъе тадбирал гьареян.

**Исрапил Заирбегов**

ТIИБ

## РекIел арканазда…

**ТIолгодунялалъул «РакI» къоялда хурхун Гумбет районалъул росабазул гIадамазда ва школазда цIалдохъабазда цере кIалъазе рахъарал медицинаялъул хIалтIухъабаз бицана жидерго сахлъи цIунизе ккани щиб гьабизе ва сунде кIвар кьезе кколебали.**



Хайир гьечIеб куцалда гьабулеб гьечIеб гIумру тIамиялъ рачуна рекIелгун бидурихьазул (сосудистый) унти ккеялде. Гьеб унти цIикIкIарасеб ккола лъималазулъ ва гIунбачIунеб гIелалъулъ. ГьединлъидаI сахлъи цIуниялъе тадбирал гьаризе ккола лъимерлъудасаго, - ян абуна Гумбет районалъул бетIерав тохтир МухIамад СайгидахIмадовас.

Гьединго районалъул медиказ гIуцIана ва тIоритIана тематическиял семинарал, бакIалъулаб телевидениялдасан терапевтазул, кардиологазул кIалъаял.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Сагъри – МелъелтIа шагьранухда хъилил цо гъат

**Хасавюрт – Кьохъ 78-92 км нухлул участкаялда тIун лъугIана хъилалъул тIоцебесеб гъат.**

Гьанже абизе бегьула, Гумбет районалъул центр бухьараб бугин Дагъистан республикаялъул тахшагьаралъул нухазда ян абуна Гумбет «ДЭП - № 10» гIуцIиялъул нухмалъулев ГIалимчилав ГIалимчилаевас. Гьал къоязда байбихьизе буго хъилалъул кIиабилеб гъат тIезеги.



Улкаялда финансовиябгун экономикияб рахъалъ бугеб лъикIаб гуреб хIалалъухъги балагьичIого, республикаялъул нухмалъулез кIвар кьолеб буго социалиялгун экономикиял суалал тIуразариялде, гьелдаго гьорлъ нухал кьачIан лъугIизариялде, - ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. Гумбет районалъул гIадамаз ракIгIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго республикаялъул, Дагъавтодоралъул нухмалъулезе нухазда хъил тIезе гьабураб кумекалъухъ.

**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Бергьенлъиялъул сон...

### Ва шахматазул къец

**Гумбет районалъул ЛъаратIа росдал хIухьбахъиялъул маданияб централъул нухмалъулей Бика ГъазихIмаевалъул захIматалъул стажалъул 29 сон буго. Гьелдасан 8 соналъ гьей хIалтIана росдал администрациялъул секретарьлъун.**

ХIухьбахъиялъул централда ГъазихIмаевалъул хIаракаталдалъун тIоритIула, руччабазул къоялда, батIи-батIиял байрамазда хурхун, данделъаби. Дагъаб цебегIан гьениб тIобитIана гIолилазда гьоркьоб шахматал хIаялъул турнир. Бергьенлъи босарал **Шамил Сурхаевасе** (тIоцебесеб бакI) ва **Мурад ГIалиевасе** (кIиабилеб бакI) кьуна гIарцулал сайгъатал.

- Маданияб централда тIоритIулел тадбиразда жигараб гIахьалли ва кумек гьабула гьоркьохъеб школалъул мугIалимаз ва цIалдохъабаз, - ан бицана Бика ГъазихIмаевалъ.

ЛъаратIа росдал маданияб централъул руго батIи-батIиял бокIонал, КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул юбилеялде хIадур гьарурал «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо», «БахIарзазе рецц» ва цогидалги стендал.

ГIемер соназул лъикIаб хIалтIуе гIоло ГъазихIмаевалъе Гумбет районалъул администрациялъул рахъалдасан грамотаги щвана.

**Къурмагъиз ХIадисова**

# ЛъаратIа: Инхоса ГIали-хIажиясул тIахьазул выставка

### ПIакълудал ралъад

**Гумбеталъул централияб библиотечнияб системаялъул № 8 филиалалда ЛъаратIа росулъ хIалтIулей йиго Бариям ГIалиева. 13 сон буго гьей библиотекаялда хIалтIулелдаса. ГIалиевалъ кIвар кьола тIахьазул выставкаби гIуцIиялде, стендал хIадуриялде. ГIемер тIоритIула школлъималазулгун цадахъ тIахьал цIалулезул конференциял. КIудияб ВатIаниияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъул юбилеялде хIадурана суратаз берцинго къачIарал стендал. «ВатIан цIунулезе рецц» абураб стендалда лъун руго росуцоязул суратал ва гьезул бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ материалал.**

Хасаб хIадурлъи гьабулеб буго Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 170 сон тIубаялъул юбилеялде. ГIуцIун буго «ГIалимги шагIирги» абураб тIахьазул выставка, фотостенд. ХIадурун буго «ГIакълудал ралъад» абураб альбом, шагIир, гIакъил, гIалим ГIали-хIажиясул сураталги гьесул гIумрудул нухалъул хIакъалъулъ хъварал материалалги лъун.

ГIалиевалъе араб соналъ районалъул культураялъул отделалъ кьуна грамота, хIалтIи лъикI гIуцIиялъе гIоло.

2015 сон Россиялда лъазабун буго Адабияталъул лъагIеллъун. Инхоса ГIали-хIажиясул юбилейги Адабияталъул сонги гIуцIа-кьан нухда регIи рикIкIунеб буго Бариям ГIалиевалъ гьабсагIат цебечIараб жавабияб масъалалъун.

Бариям ГIалиева ккола районалъул «Гумбет» басмаялъул хIаракатай мухбирги. Росдал хIухьбахъиялъул централда, библиотекаялда, школалда тIоритIарал тадбиразул хIакъалъулъ во цогидалги темабазда хъвала гьелъ макъалаби.

**Къурмагъиз ХIадисова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЦIиликь росдал маданияб централда

**Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 170 сон тIубаялда хурхун 26 сентябралда ЦIиликь росдал маданияб централда тIобитIана тIахьал цIалулезул конференция. ГIуцIун букIана «Инхоса ГIалихIажияс 170 сон» абураб тIахьазул выставкаги.**

КонференциялдагIахьаллъаразе кIудияб асар гьабуна ХIажияв Пайзулаевас ГIали-хIажиясул хIакъалъулъ бицаралъ, ЦIилико гьоркьохъеб школалъул чIахIиял классазул цIалдохъабаз бицана гьесул гIумрудул, батIи-батIиял росабалъ дибирлъи гьабиялъул ва хъварал кучIдузул. Гьоркьо-гьоркьор ахIана гьесул мавлидал.

Конференциялда гIенеккарал разиго хутIана.

**ГIазра Абубакарова, ЦIилико росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Профилактика – залог здоровья

### Анализ спасает жизнь

Соскоб, или мазок, на цитологическое исследование дает подозрительные результаты у 5% обследуемых. Большинство из них, естественно, тут же думают о самом страшном и почти всегда напрасно.

Что такое мазок на цитологическое исследование? Этот метод диагностики был разработан сорок лет назад доктором медицины Джорджем Папаниколау. Он удивительно точен: отдельные клетки слизистой матки изучаются под микроскопом, и по изменениям в их строении выявляется предраковое состояние тканей. От первых изменений в клетках до появления раковой опухоли может пройти лет десять и чем раньше обнаружить отклонение, тем, разумеется, проще и эффективнее будет лечение.

По данным Всемирной организации здравоохранения, рак шейки матки диагностируется ежедневно у полумиллиона женщин. С тех пор как цитологическое исследование получило широкое распространение, выявление заболевания на ранних стадиях возросло впять раз. Предраковое состояние - дисплазия — не имеет симптомов, не причиняет беспокойства и выявляется только при гинекологическом обследовании. Группа риска составляют молодые женщины, рано начавшие половую жизнь, и те, кто сделал много абортов, - у них нередко нарушается нервно-мышечный аппарат шейки матки - Однако значительно чаще заболевание угрожает женщинам с вагинальными инфекциями. Поэтому ежегодное посещение гинеколога может - ни много ни мало - спасти жизнь!

### Как берется мазок

Мазок на цитологическую инфекцию должен быть частью обычного осмотра у гинеколога. К врачу лучше идти в середине цикла - между двумя менструациями - и когда вы не болеете, скажем, гриппом. За три дня до обследования не следует ни принимать лекарства, ни спринцеваться: это может «смазать» картину. Взять пробу - дело минутное и безопасное. Врач вводит во влагалище зеркала и осторожно берег соскоб со слизистой. Затем проба отправляется в лабораторию, где ее исследуют цитологи специалисты по строению клеток. Нетерпеливым надо учесть: прежде чем результаты лабораторного анализа окажутся на столе у врача, пройдет от четырех до четырнадцати дней, если они отрицательны - все в порядке, клетки здоровы, - на следующее обследование можно прийти на следующий год.

### Повторное обследование

Получив приглашение на повторное обследование, не надо паниковать: цитологам не сразу удается получить достоверный результат. Выявить объективную картину иногда не позволяет недостаточное содержание клеток в пробе или дрожжевая инфекция. В таких случаях врач назначит лечение или предложит повторный анализ, когда нормализуется вагинальная флора. Повторное обследование может потребоваться из-за банального раздражения матки, вызванного тампонами или спиралью.

Врач назначает промежуточное обследование - скажем, через полгода, - если при цитологическом исследовании обнаружиться дисплазия. Так называемый слой подозрительно недоразвитых клеток, которые не видны невооруженным глазом. Чем плотнее этот слой, тем выше вероятность перерождения этих клеток. Главное вовремя принять меры. Дисплазия в легких формах не требует лечения, но лучше держать ее под контролем врача. Если повторное обследование назначается сразу, возможно, дисплазия достаточно серьезная. Но это вовсе не рак. Ежегодно у женщин в возрасте 20-35 лет диагностируется десятки тысяч случаев средней и тяжелой дисплазии.

### Варианты лечения

Обычно дисплазия лечится прямо в кабинете гинеколога. Сначала врач обследует шейку матки с помощью кольпоскопа - этот инструмент увеличивает изображение, практически не касается половых органов. При этом шейка матки обрабатывается раствором уксусной кислоты, чтобы лучше были видны аномальные клетки. Затем соскабливается тончайший слой ткани.

Если врач считает, что нужна конизация шейки, значит, вместо соскоба будет вырезан крошечный клинышек ткани. При этом нередко удаляются все аномальные клетки и никакого лечения уже не требуется.

Не надо пугаться, если пробу отправят на дальнейшее исследование - так поступают со всеми пробами. Если участок аномальной ткани довольно велик и при соскобе не удаляется полностью, врач, скорее всего, предложит лазерную хирургию, электроскальпель или замораживание аномальных клеток криотерапию. Все эти процедуры проводятся с применением местной анестезии и не в стационаре, а амбулаторно - в кабинете гинеколога.

После устранения дисплазии мазок на цитологическое исследование берется раз в полгода, и если диагноз не подтверждается в течение двух лет, можно возвращаться к обычному расписанию посещения гинеколога - один раз в год.

### Цена риска

Каждый год от рака шейки матки в РФ умирает семь тысяч женщин. Риск возникновения

этого заболевания повышается к сорока годам. Чтобы избежать его, необходимо вовремя поставить диагноз, а для этого достаточно регулярно - не реже двух раз в год посещать гинеколога и сдавать мазок на цитологическую инфекцию.

Вы не любите обращаться к гинекологу? Вам некогда? Давайте не будем рисковать!

**Мадина Кебедова, репродуктолог ЦРБ Гумбетовского района, акушер-гинеколог**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкьалъ къимат къезелъун.